


NeMutungamiri Thomas S. Monson



Takagadzirira Here?

Munzvimbo mandaimbogara nokushandira, Chechi yaiva nepurazi raichengetwa huku, papurazi apa paishandwa nevanhu vaizvipira vaibva mumawadhi enzvimbo iyoyo. Nguva zhinji basa rapapurazi apa raifambiswa zvakanaka chaizvo richipa kumatura emabhishopi zvuru zvezmazai achangokandirwa uye mazana emakirogiramu ehuku dzakatoundurwa nokutumburwa. Pane dzimwe nguva shoma, zvisinei, kuva varimi vanozvipira asi vasiri nyanzvi munezvokurima kwaikonzera kwete chete mhoni mumaoko asiwo kushungurudzwa kwemoyo nepfungwa.

Somuenzaniso, ndichagara ndichiyeuka nguva yatakunganidza vakomana vechidiki veHupirisita hwaAaroni kuti vatsvaire nokudzura masora papurazi rehuku iri. Boka redu iri ravakomana vaiva nechido chikuru uye vakagwinya rakaungana papurazi uye nechimbichimbi vakadzura, vakaunganidza uye vakapisa masora neimwe tsvina yakawanda. Nepachiedza chemoto mukuru waipfuta, takadya mahoti dhogi uye tikazvirumbidza nebaso rakanaka rakanga raitwa.

Zvisinei, pakava nedambudziko guru rimwechete. Ruzha nemoto zvakanangaidza zvokuru boka renhunzvi zviuru zvisihanu iro raiva munguva yokukandira zvokuti zhinji dzadzo dzakatanga kudonha minhenga uye dzikamira kukandira. Mushure maizvozvo takasiya masora mashoma akadarokuitira kuti tiwane mazai akawanda.

Hakuna nhengo yeChechi yakabatsira kuriritira avo vanoshaya anombofa akakanganwa kana kukungura chitiko

ichocho. Kushanda, kuchengetedza, kuzviriritira, nokugoverana nevamwe hazvisi zvinhu zvisva kwatiri.

Tinofanira kuyeuka kuti mutoo wakanyanya kunaka wedura ndewekuti mhuri yoga yoga muChechi ive nezvokudya, mbatya, uye pazvinobvira, zvimwe zvidikanwi zvouspenyu. Dura raIshe rinosanganisira nguva, zvipo, unyanzvi, mutsa, zvinhu zvokushandisa zvinopihwa, uye mari zvenhengo dzakatendeka dzeChechi. Zvinhu izvi zvinowanikwa nabhishopi mukubatsira avo vanoshaya.

Tinokurudzira Vatendi Vamazuva Ekupedzisira vose kuti vave vanofunga nezveramagwana mukuronga kwavo, kuti vangwarire kusaparadza mukurarama kwavo, uye kuti vadzivirire zvikwereti zvikurusa kana zvisina kufanirwa kutorwa. Vanhu vazhinji vanozokwanisa kushingirira munguva dzematambudziko emari kana vakange vane dura rezvokudya nembatya uye vasina zvikwereti. Nhasi tinooona kuti vazhinji vakateedzera rairo iri zvisizvo: vane dura rezvikwereti uye havana zvokudya.

Ndinodzokorora zvakataurwa neVatungamiri Vokutanga makore mashoma akapfuura:

“Vatendi Vamazuva Ekupedzisira vakarairwa kwemakore akawanda kuti vagadzirire dambudziko nokuva nemari shoma yakachengetedzwa parutivi. Kuita kudaro kunowedzera zvikurusa kudziviriro nemagariro akanaka. Mhuri yega yega inebaso rokuriritira zvidikanwi zvayo pachayo napose pazvinokwanisika.

“Tinokurudzirai kwese kwamungange muchigara munyika kuti mugadzirire dambudziko nokutarira

kumamiriro emari dzenyu. Tinokukurudzirai kuti mudu-pikise mashandisiro amunoita mari yenyu, zvibatei pane-zvamunotenga kuitira kudzivirira chikwereti. Bhadharai chikwereti nokukurumidza sokukwanisa kwamungaita, uye muzvisunungure kubva kuusungwa uhwu. Chengedzai mari shoma nguva nenguva kuitira kuti muungaidze zvishoma nezvishoma mari yamunozoshandisa muneramagwana.”¹

Takagadzirira here njodzi muopenyu hwedu? Unyanzvi hwedu hwakakwenenzverwa here? Tinorarama tichichengetedza zvatinaivo kuitira ramagwana here? Tine dura rezvokudya nezvokupfeka here? Tinoteerera kumirairo yaMwari here? Tinodavira here kudzidziso dzevaporofita? Takagadzirira here kupa zvatinaivo kuvarombo, nevanoshaya? Tinotenderana naIshe here?

Tinorarama munguva dzine matambudziko. Kazhinji ramagwana harizikanwe; naizvozvo, zvakananira kuti tiganzira izvo zvingauya tisingatarisire. Apo nguva yesarudzo painosvika nguva yekugadzirira yakatopfuura kare.

KWAKATORWA CHINYORWA

1. Vatungamiri Vokutanga, *All Is Safely Gathered In: Family Finances* (chibhuku, 2007).

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Uchifunga zvidikanwi zveavo vamunoshanyira, funga nezve nzira dzaunokwanisa kuvabatsira kuti vave varinani pakuzviriritira mubasa, mari, kuchengeta zvokudya, kana mukugadzirira njodzi. Funga nezve unyanzvi hwaungagoverana navo, sezvakaita kurima bindu remuriwo, kana kutaririrwa kwemari, izvo zvinozovakurudzira kutevera rairo yeMutungamiri Monson.

VECHIDIKI

Ndakashandira Zvakare

NaJaine Araújo

Rimwe zuva, mushure mokupedza basa rokushandira, Rndaifamba ndichipfuura nepaimba inosanganirwa

yewadhi redu uye ndikaona masisita maviri vaitsvaira imba iyi. Mashoko angu akangobuda: “Masisita munoda rubatsiro here?” Mumwe wavo akandinyemwera uye akati ndakanga ndasvika panguva yakanaka nokuti ndivo chete vakanga vachitsvaira uye vakanga vaneta zvikuru. Akati akanga anamata kuti Ishe vatume mumwe munhu kuzobatsira. Ndakafara chaizvo kuva mhinduro kumunamato wake. Ndakanga ndichangopedza kushandira mumwe munhu uye ndakanga ndanetawo, asi ndakatevera moyo wangu uye ndikashandira zvakare.

Murairo kushanda nerufaro (ona D&Z 24:7). Apo patinenge tine chido chokushandira panguva dzose, tinokwanisa kubatsira kuti zvishamiso zviitike muopenyu hwevamwe vanhu. Upenyu hwedu hunonyanya kuva hunoreva chinhu apo patinoshandira. Ishe chokwadi vanotida, Vanobatsira mumwe nemumwe wevana Vavo, uye Vanozotipa simba rokushandira.

Munyori anogara kuRio Grande do Norte, Brazil.

VANA

Wakagadzirira Here?

Mhinduro: Chokwadi, Chokwadi, Nhema, Chokwadi, Nhema

Mutungamiri Monson vakakumbira mumwe nemumwe wedu kuti agadzirire nguva dzamatambudziko uye kubatsira vamwe munguva dzavo dzamatambudziko. Tora bvunzo iyi yechokwadi-kana-nhema kuti uone kana wakagadzirira!

Ndinokwanisa nguva dzose kuwana mumwe munhu wokubatsira. Chokwadi Nhema

Ndinokwanisa kutenda nazvose zvandinotova nazvo. Chokwadi Nhema

Handina zvipo zvokugoverana nemumwe munhu. Chokwadi Nhema

Kuchengetedza mari inozoshandiswa muneramagwana izano rakanaka. Chokwadi Nhema

Ndinofanira kuva nematoyi matsva nembatya itsva kuti ndifare. Chokwadi Nhema



Ruvimbo • Mhuri • Rubatsiro

Basa Dzvene raJesu Kristu: Munyaradzi

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.

Ichi chikamu chezvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso dzeKushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.

Jesu Kristu akavimbisa, “Handi-ngakusiyi muri nherera; ndino-vuya kwamuri” (Johane 14:18). Anozotipa “korona panzvimbo yamadota, mafuta emufaro panzvimbo yokuchema” (Isaya 61:3). Nokuda kwekuti Kristu akatambudzikira Rudzikinuro kune mumwe nemumwe wedu, Haazotikanganwi” “Muponesi wedu akatora paAri. . . . marwadzo edu uye matambudziko nezvinetso zvedu kuitira kuti Agokwanisa kuziva manzwiwo edu uye kuti anotinyaradza sei,” akadaro Linda S. Reeves, mutevedzeri wechipri muhutungamiri hukuru hweChita choRubatsiro.¹

Kuziva kuti Kristu achatinyaradza kunokwanisa kutiunzira runyararo nokutikurudzira kutevera muenzaniso Wake kuburikidza nokutaririra vamwe. Mutungamiri Thomas S. Monson vakati: “Ruzivo rwedu rwevhangeri uye rudo rwedu rwaBaba vedu Vokudenga nerweMuponesi

wedu zvinozoti nyaradza nokutitsigira nokuunza rufaro kumoyo yedu apo patinofamba zvakarurama nokuchengeta mirairo. Hapana chinhu munyika muno chinokwanisa kuti kurira.”²

Kubva muMagwaro Matsvene

Johane 14:18, 23; Aruma 7:11–13; Dzidziso neZvibvumirano 101:14–16

Kubva muNhorondo Yedu

Elaine L. Jack, mutungamiri mukuru weChita choRubatsiro wechigumi nevaviri, akati: “Mudzidziso yekushanyirana tinonavianirana. Zviito zvedu kazhinji zvinotaura izvo mashoko edu zvaasingakwanisi kutaura. Kumbundira kunorudo kunotaura zvakanwanda zvikuru. Kuseka pamwechete kunotibatandiza. Chinguva chokugoverana chinovandudza mweya yedu. Hatikwanisi nguva dzose kusimudza mutoro weuyo anedambudziko, asi tinokwanis akumukurudzira kuitira kuti agokwanisa kuritakura zvakanaka.”³

Masisita edu eChita cheRubatsiro aiva pakati pevaparuri vechiMormoni vekutanga “vakanwana simba remweya murudo nemutsa wemumwe nemumwe wavo. . . . Apo pavaitambura nezviyedzo zveurwere nerufu, vakanamatirana murutendo uye vakanyaradzana. ‘Rudo rwaMwari rwakayerera kubva kumoyo kunda kune umwe moyo.’ akanyora Helen Mar Whitney, “kusvikira uyo akaipa ashaya simba mukuedza kwake kuuya pakati pedu naIshe, uye miseve yake yeutsinye, pane dzimwe nguva, yakashayiswa uturu hwayo.”⁴

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Linda S. Reeves, “The Lord Has Not Forgotten You,” *Ensign* kana *Liahona*, Mbudzi 2012, 120.
2. Thomas S. Monson, “Be of Good Cheer,” *Ensign* kana *Liahona*, Kubvumbi 2009, 92.
3. Elaine L. Jack, mu *Daughters in My Kingdom: The History and Work of Relief Society* (2011), 119.
4. *Daughters in My Kingdom*, 34.

Funga Izvi

Kunzwisisa kuti Ishe vanokuyeuika kunokuunzira nyaradzo sei?